# ХЬИСЭ
# ИГЪЭСЭПЭТХЫДЭХЭР



# ХЬИСЭ ИГЪЭСЭПЭТХЫДЭХЭР

## Инджылым щыщ

# ХЬИСЭ ИГЪЭСЭПЭТХЫДЭХЭР
## Инджылым щыщ



ИПБ

МОСКВА, 2021

# Хьисэ игъэсэпэтхыдэхэр

## Инджылым щыщ

*Сурэтхэр зышIыгъэр С.М.Хакуз, М.В.С*
*Зэзыдзэкlыгъэр ГутIэ Саныет*

Библием щыщ тхылъхэу адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэхэм ятекстхэр электроннэ амалхэр жъугъэфедэхэзэ Библием изэдзэкIынкIэ Институтым исайт къыишъухын шъулъэкIыщт:
http://ibt.org.ru/ru/media?id=ADG

ISBN 978-5-93943-293-1
© Институт перевода Библии, 2021

*Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ тхылъеджэр!*

*Мы тхылъым осэшхо зиIэ Iушыгъэр щызэхэубытагъ, ныбжь зэфэшъхьаф зиIэ цIыфхэм апай.*

*Мыщ къыдэхьэгъэ гъэсэпэтхыдэхэр бзэ зэмылIэужыгъохэмкIэ дунаим ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм бэрэ къащаIуатэщтыгъэх, къыщыкIаIотыкIыжьыщтыгъэх.*

*Илъэс минитIукIэ узэкIэIэбэжьмэ Палестинэм исыгъэхэм афэдэу тэ, джы щыIэхэми, мы гъэсэпэтхыдэхэр тыгу хэтIысхьэх, тшъхьи икIыжьыхэрэп. ЯщыIэныгъэ лъэпсэ шъхьаIэу фэхъурэм цIыфхэр рагъэгупшысэх. АщыкIэ ахэр нэмыкI къэбархэу ахъщэм ыуасэ, хэбзэ тетыгъом, дин шIыкIэхэмрэ хабзэхэмрэ уафэшъыпкъэным уафэзыщэхэрэм афэдэхэп. Мы гъэсэпэтхыдэхэм анахь кIочIаджэуи теплъаджэуи орэхъу, цIыф пэпчъ осэшхо иIэу зэрэщытыр, щыIэныгъэм исыд фэдэрэ лъэныкъокIи Тхьэм уедэIуным мэхьанэшхо зэриIэр хагъэунэфыкIы.*

*Мы гъэсэпэтхыдэхэр Хьисэ (джары адыгэхэр Иисус зэреджэхэрэр) къыIуатэщтыгъэх. Ахэр Лукарэ Маттэрэ къатхыжьыгъэхэу Инджылым хэтых. А нэбгыритIур тиэрэ иапэрэ лIэшIэгъухэм Хьисэ игъогу рыкIохэу, щысэ тезыхыхэрэм ащыщыгъэх.*

*Инджылым хэхьэрэ тхылъхэр зэкIэ адыгабзэкIэ зэдзэкIыгъэхэу Библием изэдзэкIынкIэ Институтым (ИПБ Стокгольм) 1991-рэ илъэсым апэрэу зы тхылъэу «КъэбарышIу» ыцIэу къыщыдэкIыгъ. Джа дэдэр ятIонэрэ тедзэгъоу 1992-рэ илъэсым къыдагъэкIыжьыгъ. ЫужыкIэ, 2014-рэ илъэсым, «Орэд лъапIэхэмрэ» «УблапIэмрэ» игъусэхэу Инджылыр къыхаутыжьыгъ.*

*Тхылъеджэ лъапIэр, джыдэдэм пIыгъыр зыфэдэ къэмыхъугъэ тхылъ. Мыщ Инджылым къыхэхыгъэ гъэсэпэтхыдэ пшIыкIуз къыдэхьагъ, ахэр зэдзэкIыгъэхэ къодыеп, узаджэрэр нэрылъэгъу къыпфэзышIыщт сурэтхэри ягъусэх. Ащ нэмыкIэу зэдзэкIыным пылъыгъэхэм гъэсэпэтхыдэхэм къэIотэн нэшанэр зэрахэлъыр къыдалъытэзэ, Хьисэм гъэсэпэтхыдэхэр къызыщиIуатэщтыгъэ*

*лъэхъаным дунаир зыфэдагъэр тхылъеджэм къыгурыIоным, ар зэхишIэным фэшI къэIотэжьын амалхэр агъэфедагъэх.*

*Мы гъэсэпэтхыдэу къыхэтыутыгъэхэм адыгэ лъэпкъым яфэшъошэ уасэ афишIыным тыщэгугъы. Тхылъым игъэхьазырын дэлэжьэгъэ пстэуми: зэдзэкIакIом, редакторым, сурэтышIым – зэкIэ зиIахьышIу хэзылъхьагъэхэм Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр афэраз.*

*Библием изэдзэкIынкIэ Институтыр*



# ХымэлI гукIэгъушIыр

*(Лука 10:25-37)*

Гупшысэ шъхьаIэр:
Тхьэм ихабз, цIыф зэфыщытыкIэ-хабзэхэр, егъэшIэрэ щыIэныгъэр

*Гъэсэпэтхыдэ зэфэшъхьафыбэ къафиIуатэзэ, цIыфхэм ашIэнэу Тхьэр зыфаер Хьисэ ахэм агуригъаIощтыгъэ. Загъорэ хъугъэ-шIэгъэ гъэнэфагъэ горэм епхыгъэу, упчIэ горэм иджэуапэу, е зыгорэ зэгупшысагъэм ехьылIагъэу гъэсэпэтхыдэ къыIуатэ зыхъукIэ, цIыфхэм гурыIогъошIу афэхъущт щысэхэр ыгъэфедэщтыгъэх.*

*Зы мафэ горэм Хьисэ дэгущыIэщтыгъэ Тхьэм и Хабзэу, Мосэ ытхыгъэ Тэуратыр язычгъэшIэрэ пащэм ащыщ. Ащ Хьисэ ыушэтынэу упчIэ къыритыгъ: Тхьэм ынэшIу къыпщифэным пай сыдэущтэу упсэун фая. Ар ежь къызэрэгурыIорэмкIэ Хьисэ зеупчIыжьым, Хабзэм къыIорэр тэрэзэу: ащ фэшI къыппэблагъэр шIу плъэгъун зэрэфаер къыIуагъ.*

*Ащ ипэгъокIэу Хьисэм чIыпIэ къин ифагъэу, IэпыIэгъу зищыкIэгъэ джуртым фэгъэхьыгъэ*

*гъэсэпэтхыдэр къеIуатэ. Нэбгырищ а лIым IокIэх: зыр – шэуджэн, къурмэнхэр Тхьэм и Унэ щешIых, адрэр – динлэжь, Тхьэм и Унэ щэлажьэ, ящэнэрэр – джуртхэм алъэгъу мыхъурэ Щамэрэн хэкум щыщ лIы гор. А лъэхъаным джуртхэмрэ щамэрэнхэмрэ яхэкухэр зэкIэрысыгъэх, ящыIакIи зэфэдэу бэ хэлъыгъэр. Ау щыт нахь мышIэми, джуртхэм щэмэрэнхэр ежьхэм анахь кIэрытхэу алъытэщтыгъэх, аужыпкъэми адэгущыIэщтыгъэхэп, ежьхэр зыдэщыIэ чIыпIэм кIонхэри афадэщтыгъэп. Джары едэIущтыгъэхэмкIэ Хьисэм иупчIэу «Хэт анахь къыспэблагъэр» зыфиIорэм иджэуап ошIэ-дэмышIэ гъэшIэгъонышхоу зыкIэхъугъэр.*

*Мы гъэсэпэтхыдэмкIэ Тэуратыр языгъэшIэрэ пащэм егъэшIэрэ щыIэныгъэм фэгъэхьыгъэ упчIэу къытыгъэм иджэуап къызэрэритыжьыгъэр ахэмэ къагурыIуагъ.*

Зы мафэ горэм Тхьэм и Хабзэу Тэуратыр языгъэшIэрэ пащэ горэм Хьисэ ыушэтынэу рихъухьагъ. Арыти, мары ар къэтэджи, къыриIуагъ:

– А егъэджакIу! ЕгъэшIэрэ щыIэныгъэр згъотыным пае, сыда сшIэн фаер?

– Тхьэм и Хабзэ сыда къыIорэр? – Мыдрэм ащ риIожьыгъ. – Сыда ащ къыибджыкIырэр?

– «ЗэкIэ угурэ упсэрэкIэ уфэщагъэу, зэкIэ кIуачIэу, зэхэшIыкIэу уиIэмкIэ Зиусхьанэу уи Тхьэ шIу зэгъэлъэгъу, къыппэблагъэри хэтми о пшъхьэ фэдэу шIу зэгъэлъэгъу», – адрэм къыриIожьыгъ.

– Тэрэз зыфапIорэр, – Хьисэ а лIым риIуагъ. – Джащ тетэу псэуи, джащыгъум егъэшIэрэ щыIэныгъэр о бгъотыщт.

Ау зиухыижьы шIоигъоу, Тэуратыр языгъэшIэрэ пащэр джыри къэупчIагъ:

– Хэта адэ къыспэблагъэр?

Ащ ипэгъокIэу Хьисэ мыщ фэдэ джэуап ритыжьыгъ:

– Зы лIы горэ Ерусэлэм дэкIыгъэу Ерыхъэу къалэм кIощтыгъэ. Гъогум хъункIакIохэр ащ къыщытебанэхи, атIэкIи, утын къырахыгъ, ыпсэ пытыжь къодыеу къагъани, IукIыжьыгъэх.





А уахътэм а гъогум шэуджэн горэ къырыкIонэу хъугъэ. ЛIыр ылъэгъугъ, ау къэмыуцоу, адрэ гъогубгъум зырити, блэкIыгъ.

Джащ фэдэу зекIуагъэ динлэжьэу, Тхьэм и Унэ щылажьэу, ащ къырихьылIагъэри: а чIыпIэм нэси, лые зэрахыгъэ лIэу щылъыр зелъэгъум, ащи лъэныкъогъазэ зишIи блэкIыгъ.





Ау Щамэрэн хэкум щыщ лIы горэ гъогум рыкIозэ, мары а чIыпIэм дэжь къынэси, хъулъфыгъэу утын зэрахыгъэр зелъэгъум, ыгу егъугъ.

Ыдэжь Iухьагъ, иуIагъэхэм дагъэрэ санэрэкIэ яIази, ыпхыжьыгъэх.





ЕтIанэ лые зэрахыгъэ лIыр ежь ищыды тыригъэтIысхьи, хьакIэщым ыщагъ, ищыкIэгъэ фэIо-фашIэхэр ащи щыригъэгъотыгъэх.



ЯтIонэрэ мафэм, Щамэрэн хэкум щыщ лIыр гъогум техьажьыным ыпэкIэ, хьакIэщым ибысым тыжьын ахъщэ жъгъэитIу рити, елъэIугъ:

– Мы лIым лъыплъи, унаIэ тегъэти, къызызгъэзэжьыкIэ ащ тебгъэкIодэрэ ахъщэм къемыххъумэ, къыщымыкIэу сэ остыжьыщт.



– Джы къаIо, – ыIуагъ Хьисэ, – хэта мы нэбгырищмэ ащыщэу, о къызэрэпшIошIырэмкIэ, хъункIакIохэм лые зэрахыгъэ лIым къыпэблагъэм фэдэу дэзекIуагъэр?

– ГукIэгъу фэзышIыгъэр ары, – Тэуратыр язгъэшIэрэ пащэм джэуап къытыжьыгъ.

Арыти, Хьисэ ащ риIожьыгъ:

– Ащыгъум ори кIуи джащ фэдэу зекIо.

# Бай акъылынчъэр

*(Лука 12:16-21)*

## Гупшысэ шъхьаIэр:
## нэй-псыягъэр

*Бэ къэбгъэхъэныр дэгъу – ар нэшIущыфэныгъэ ин, гушIогъошху. АщкIэ зэкIэми зэдетэгъаштэ. Ау щыт нахь мышIэми, упчIэ къэуцу: цIыфыр бай зыхъукIэ сыдэущтэу зекIора? Мы гъэсэпэтхыдэмкIэ Хьисэ цIыфхэм къяджэ, дунаим щаугъоирэ мылъкум щымыгугъыхэу «Тхьэм мылъкушхокIэ ылъытэрэр аугъоинэу».*



Зы лIы бай горэ щыIагъ, ичIыгу лэжьыгъэ бэгъуагъэ ащ къырихыжьыгъ. Арыти, егупшысагъ:



– Сыд сшIэхэн? Сыугъоижьыгъэ лэжьыгъэр зэкIэ зыщысIыгъын сиIэп.

Джащыгъум рихъухьагъ:

– Мары сшIэщтыр: силэжьыгъэIыгъыпIэхэр зэхэскъутэнхэшъ, нахь инхэр сшIынхэшъ, сыугъоижьыгъэ лэжьыгъэри сиIэ мылъкури зэкIэ ахэмэ язгъэкIущт. Джащыгъум зэсIожьыщт:

илъэсыбэрэ пфэхъун мылъку уиIэшъ, джы зыгъэпсэф, шхэ, ешъу, чэфы – зыгъатхъ.

Ау Тхьэм ащ къыриIуагъ:

– О акъылынчъ! Нычэпэ блэмыкIэу о упсэ къызеджэжьхэкIэ, а уугъоигъэр зэкIэ хэта къызыфэнэщтыр?





КъышъосэIо: Тхьэм мылъкушхокIэ ылъытэрэр зымыугъоеу, ежь ышъхьэ пае мылъкушхо зэзгъэуIурэм джары къехъулIэщтыр.

# Мэл гъощагъэр

*(Лука 15:4-7)*

## Гупшысэ шъхьаӀэр:
## тобэ шӀыжьыныр

*Шъыпкъагъэ зиІэхэм ямызакъоу, псэкІодышІэу алъытэрэ цІыфхэми уахътэр зэрадигъакІорэм фэшІ джурт дин пащэхэм Хьисэ аумысыщтыгъэ. Ар зэрагъэкъуанщэрэм иджэуапэу Іахъоу зы мэл зышІокІодыгъэр зэрэІэхъогъу нахьи ащ нахь зэрэфэгумэкІырэм фэгъэхьыгъэ гъэсэпэтхыдэр Хьисэ ахэм къафиІотагъ.*



Шъуащыщ горэм мэлишъэ иӀэу тӀон. Мары ахэм ащыщэу зы мэл ащ шӀокӀодыгъ. Аущтэу хъумэ, сыдэу шъуӀорэ шъо, ащ адрэ мэл тӀокӀиплӀырэ пшӀыкӀубгъурэр шъофым къыринэнхэшъ, кӀодыгъэр къегъотыжьыфэ



лъыхъунба? ЕтIанэ мэлыр къызигъотыжькIэ, гушIозэ ытамэ тырелъхьэ, ядэжь къызысыжьыкIэ, иныбджэгъухэмрэ игъунэгъухэмрэ къяджэшъ, ареIо:

– Мэлэу сшIокIодыгъагъэр къэзгъотыжьыгъэшъ, шъукъыздэгушIу!



Шъосэlo, джащ фэдэ къабзэу шъыпкъагъэ зиIэ нэбгырэ тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэу кIэгъожьын ашIыныр имыщыкIагъэу зылъытэхэрэм анахьи, зы псэкIодышIэу кIэгъожьи, къэзыгъэзэжьыгъэм пае ошъогум гушIуагъор зэрэщынахь лъэшыщтыр.



# Къо хьабэкӀухьэ ешъорхьакъур

*(Лука 15:11-32)*

## Гупшысэ шъхьаӀэр:
## тобэ шӀыжьыныр, гунахьыр фэгъэгъуныр, шъыпкъэныгъэ нэпцӀыр

*Хьисэ мы гъэсэпэтхыдэри динлэжьхэм къафеIуатэ псэкIод зышIэхэрэм уахътэр зыкIадигъакIорэр агуригъаIо шIоигъоу ыпэрэ гъэсэпэтхыдэу мэл гъощагъэм фэгъэхьыгъэм фэдэу. Гъэсэпэтхыдэм а купитIур зы лIым ыкъохэм афэдэу къыщыгъэлъэгъуагъэх, зы къор — IорышIэ, адрэр — хэтакIо, мыхъунхэр ешIэх. Мы гъэсэпэтхыдэм хэт лIым изекIуакIэ Тхьэр цIыфхэм къазэрэфыщытым мыщ дэжьым щегъэпшагъ. Тым сыдэущтэу ыкъохэм ягъэпсыкIэ зэхишIэра? Мы упчIэм иджэуап зэрэгъэшIэгъон дэдэм къыхэкIэу, гъэсэпэтхыдэр нахь игъэкIотыгъэу ашIэрэмэ ащыщ, искусствэм бэрэ зыщыфагъэзагъ, лъэпкъ зэфэшъхьафхэм яорэдхэми къахэфэ.*



Зы лIы горэм къуитIу иIагъ. НахьыкIэм ятэ риIуагъ:

– Тят, уимылъку щыщ Iахьэу къыстефэщтыр джыдэдэм къысэт.



Арыти, тым иIэ мылъкур къуитIум афигощыгъ.

Мэфэ заулэ зытешIэм къо нахьыкIэм тефэгъэ мылъкур зэкIиугъуайи, хымэ къэралыгъо чыжьэ горэм кIуагъэ.





Хьакъу-жъокъум хэтэу, мыхъо-мышIэхэр ышIэзэ, мылъкоу къытефагъэр зэкIэ а къэралыгъом щигъэкIодыгъ. Мылъкур зэкIэ ыгъэкIодыгъахэу, зыпари къызыщыфэмынагъэм тефэу, а къэралыгъом гъэблэшхо къыщыхъуи, къулайцызэу кIалэр къэнагъ. Джащыгъум ар а къэралыгъом щыпсэурэ лIы горэм дэжь чыракIоу Iухьагъ. Арыти, лIым икъохэр губгъом щигъэхъунхэу кIалэр ыгъэкIуагъ.

КІалэр лъэшэу мэлакІэ лІэщтыгъэ, къохэм арагъэшхырэ пчэныбжъэр ежьыми ыныбэ изэу ышхынэу ехъуапсэщтыгъэ, ау а къо Іусым щыщи ащ къыратыщтыгъэп.

Арыти, кІалэр тхьамыкІагъоу зыхэтым егупшысэжьи, зэриІожьыгъ:





– Сятэ чырэ пчъагъэ иIэми, ахэм ашхын икъун агъоты, ау сэ мыщ гъаблэм сыщегъалIэ! СыкIонышъ, сятэ дэжь згъэзэжьынышъ, есIон: «Тят! Тхьэм ыпашъхьэкIи о уалъэныкъокIи псэкIод сшIагъэ. СэшIэ, къокIэ укъысэджэныр къызэрэстемыфэжьырэр. Арышъ, уичыракIохэм сэри сахэгъахь».

ЕтIанэ тэджи, ятэ дэжь ежьэжьыгъ. Ыкъо къэкIожьэу ятэ чыжьэкIэ къызелъэгъум, ащ ыгу егъугъ.





Пэгъочъи, IаплIыкIэ къызыIэкIиубыти, ебэоу ыублагъ.

Къом ятэ риIуагъ:

– Тят! Тхьэм ыпашъхьэкIи о уалъэныкъокIи псэкIод сшIагъэ. Арышъ, къокIэ укъысэджэныр ащ нахьэу къыстефэжьырэп.

Ау тым унэIутхэм ариIуагъ:

– ШъукӀуи мыщ псынкӀэу щыгъынышӀухэр къыфэшъуххьыхи, шъуфапэ. ЫӀэхъуамбэ Ӏэлъынэ пышъулъхьи, цуакъэхэри щышъулъэх. ШкӀэхъужъ гъэшхагъэр къашъущи, ар шӀошъубз. Ешхэ-ешъо тшӀынышъ, тычэфыщт.



Мы сикIалэ лIэгъагъэба, ау къэхъужьыгъ, кIодыгъагъэба, ау къэкIожьыгъ.

Арыти, ахэм чэфхэу, гушIохэу аублагъ.

А уахътэм ехъулIэу къо нахьыжъыр губгъом щыIагъ. КъэкIожьызэ, унэм благъэу къызекIолIэжьым, къэшъо орэд, гушIо Iэгу тео макъэхэр ащ зэхихыгъэх. УнэIутхэм яз ащ зэрищалIи, хъурэр зэригъашIэ шIоигъоу еупчIыгъ.

– ПшынахьыкIэ къэкIожьыгъ, – къыриIожьыгъ унэIутым, – арыти, уятэ шкIэхъужъ гъэшхагъэ ащ фиукIыгъ, псэоу, узынчъэу къызэрэкIожьыгъэм пае.

Ар зызэхехым къо нахьыжъыр губжи, унэм афимыхьажьынэу уцугъэ. Джащыгъум ятэ унэм къикIи, ащ еушъыеу ыублагъ.

Ау къо нахьыжъым ыIуагъ:

– Мары сэ илъэс пчъагъэ хъугъэу сыпфэлажьэ, ащ фэдиз уахътэми зэ нэмыIэми сыомыдэIоу къыхэкIыгъэп, къысапIорэр зэкIэ, «IыI» сымыIоу, ренэу згъэцэкIагъэ. Ау синыбджэгъухэм



адэсшхынэу, садэчэфынэу зы чэцI цIыкIуи о къысэупэсыгъэп. Ау мы о пкъоу, бзылъфыгъэ хэтакIохэм уимылъку атезыгъэкIодагъэр джы къыпфэкIожьыгъэшъ, ащ шкIэхъужъ гъэшхагъэ фэуукIыгъ!



– А сикIал, – джащыгъум тым къыриIуагъ, – о сэ ренэу усигъусэба, сиIэр зэкIэри орыба зиери. Ау о пшынахьыкIэу лIэгъагъэр къэхъужьыгъэба, кIодыгъагъэр къэкIожьыгъ. Ащ фэшI тыгушIон, тычэфын фэягъэба?

# Баимрэ Лазар тхьамыкӀэмрэ

*(Лука 16:19-31)*

Гупшысэ шъхьаӀэр:
джэнэтымрэ джэхьнэмымрэ, байныгъэр,
Тэурат хабзэр

*ЦIыфыр баймэ Тхьэм зэригонэсым итамыгъ, тхьамыкIэмэ КъэзыгъэшIыгъэм егъэпщынэ – джары цIыфыбэхэм пасэми, тэ тилъэхъани зэралъытэрэр. Ау Хьисэм шIэныгъэу къыбгъодэкIырэм къыIорэр нэмыкI шъыпкъ. Мы гъэсэпэтхыдэр зы лIы бай горэмрэ зы лIы тхьамыкIэ горэмрэ къатегущыIэ, къеIуатэ зэлIахэ ыуж ахэм къарыкIорэр: хьадрыхэ дунаим Тхьэм Ежь ыдэжь тхьамыкIэр ыщагъ, мыдрэ дунаим тетыфэ Тхьэм уасэ зиIэу ылъытэрэм уасэ зэрэфимышIыгъэм фэшI баир ыгъэпщынагъ.*



Зы лIы бай горэ щыIагъ. Ащ щыгъын лъэпIэ, щыгъын хэхыгъэкIэ зифапэщтыгъэ, мафэ къэси хахьэрэр хэкIуадэу ешхэ-ешъо ышIыщтыгъэ. Ар дэдэм ащ икъэлэпчъэIу Iулъыщтыгъ бэгу узым зэлъиштагъэу тхьамыкIэ дэдэ горэ, Лазар



ыцIэу. Ар баим иIанэ къетэкъохырэ шкъойхэр ары нэмыIэми къыратыни, рагъэшхыным кIэхъопсыщтыгъэ. Хьэхэри къакIохэти, ащ ыкIышъо тет ягъэхэм къябзэищтыгъэх.

Ау мары тхьамыкIэр лIагъэ, арыти, мэлэIичхэм ар Ибрахьимэ дэжь ахьи, гуагъэтIысхьагъ. Баири лIи, агъэтIылъыжьыгъ.

Баир хьадрыхэ щыIэу, хьэзабышхом хэтэу, ынапIэ къыIэти, къызыдэплъыем, Ибрахьимэрэ ащ къыбгъодэс Лазаррэ чыжьэкIэ ылъэгъугъэх. Ахэр зелъэгъухэм, ар лъэшэу пыхьэзэ, джагъэ:



– О тятэу Ибрахьим, гукIэгъу къысфэшI. ЫIапэ псым хигъэони, сыбзэгу ыгъэучъыIэтэнэу Лазар къысфэгъакIу, мы мэшIошхом сыхэтэу къинышхо сэлъэгъушъ.

Ау Ибрахьимэ ащ риIожьыгъ:

– А сикIал, угу зэ къэгъэкIыжьэлъ, дунаим узытетым Iахь нахьышIур бгъотэу узэрэщыпсэугъэр, ау Лазар къинмыгъуаем ащ зэрэщыхэтыгъэр. Джары ар мыщ зыкIыщагъэгупсэфырэр, ори хьэзабым узыкIыщыхэтыр джары. А зэкIэм акIыIужь тэррэ шъоррэ тазыфагу тIокIэ куушхо зэрэдэлъыр, арышъ, фэе шъыпкъэкIи, мыщкIи, модыкIи къикIэу, хэти тыдрэ лъэныкъуи кIон ылъэкIыщтэп.

Ар зызэхехым баим ыIуагъ:

– Ащыгъум, тят, сыолъэIу, сятэ иунэ Лазар бгъэкIонэу. Сэ шитф сиIэшъ, ахэри мы хьэзаб чIыпIэм къэмыкIонхэм фэшI сакъынхэу агурерэгъаIу.

Ибрахьимэ ащ риIожьыгъ:

– Мосэрэ нэмыкI пегъымбархэмрэ атхыгъэхэр яIэхэшъ, ахэм арытхагъэхэр арэгъэцакIэх.

– Хьау, тятэу Ибрахьим, – къыриIожьыгъ баим. – Ау лIагъэхэм ащыщ горэ ахэм афэкIуагъэмэ, ащ ыIорэр зэхахыгъэмэ, япсэкIодышIагъэхэм афыкIэгъожьынхи, гъогу тэрэз техьажьыныгъэхи.





Ибрахьимэ ащ джэуапэу ритыжьыгъ:

– Мосэрэ адрэ пегъымбархэмрэ ямыдэIухэрэм, зыгорэ лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьэу афэкIуагъэми, ыIорэр ашIошъ хъуштэп.

# Шъузабэмрэ хьыкумышI шъыпкъэгъэнчъэмрэ

*(Лука 18:2-8)*

Гупшысэ шъхьаIэр:
тхьэлъэIур

*Тхьэм тхьэлъэIур игуап, ар тэшIэ. Ау лъэIу мыухыжьхэм Тхьэр ядгъэзэщын тлъэкIыщтба? Хьисэм еIо: агу амыгъэкIодэу цIыфхэр ренэу Тхьэ зэрэелъэIунхэ фаер. Ар къыушыхьатэу ащ фэдэ тхьэлъэIур зыфэдэн фаем тыщегъэгъуазэ. Аужырэ мафэхэм хьыкум къыттыришIыхьанэу ЦIыф Лъэпкъым ы Къо (ар Хьисэр ары) мы дунаим къызигъэзэжьыкIэ джащ фэдэ шIошъхъуныгъэр ары зэкIэми тищыкIэгъэщтыр.*



Зы къалэ горэм зы хьыкумышI горэ дэсыгъ. Ар Тхьэми щыщынэщтыгъэп, цIыфхэми ащыукIытэщтыгъэп. А къэлэ дэдэм зы шъузабэ горэ дэсыгъ. Ар ренэу хьыкумышIым дэжь кIозэ, елъэIущтыгъэ:

– Сидэогъу лые къысимыхынэу сыщыухъум.



Шъузабэм илъэIу фимыгъэцакIэу хьыкумышIыр заулэрэ хэтыгъ. ЕтIанэ рихъухьагъ:

– Тхьэми сыщымыщынэу цIыфхэми сащымыукIытэми, мы шъузабэр къызыфысэлъэIурэр фэзгъэцэкIэн. Армырмэ къачъэмэ, къысэлъэIузэ сшъхьэ сигъэуджэгъужьыщт.

Зэхэшъохыба джы, шъыпкъагъэ зимыӀэ мы хьыкумышӀым ыӀуагъэр? Ау щытми Тхьэм къахихыгъэу чэщи мафи Ащ лъэшэу гуӀэу елъэӀухэрэр ыухъумэщтхэба? Ахэр иӀэпыӀэгъу



бэрэ ригъэжэщтхэп ныIа? Сэ къышъосэIо: псынкIэу ахэм IэпыIэгъу Ар афэхъущт. Ау ЦIыф Лъэпкъым ы Къо мы дунаим къызигъэзэжьыкIэ, шIошъхъуныгъэ тыригъотэжьыщта?



# Динлэжьымрэ хьакъулахь зыугъоирэмрэ

*(Лука 18:10-14)*

## Гупшысэ шъхьаIэр:
## тобэ шIыжьыныр, шъыпкъэгъэ нэпцIыр

*Пэсэрэ Палестинэм фарисей цIыф куп щыпсэущтыгъэ. Тхьэм шIошъхъуныгъэшхо фыряIэу ары ахэмэ зэралъытэщтыгъэр. Фарисейхэр Мосэ ихабзэхэу Тхылъ ЛъапIэм итхагъэхэр зэкIэ зэрагъэцэкIэнхэм пылъыгъэх, мафэм тфэгъогогъо тхьэлъэIухэр ашIыщтыгъэх, сэдакъэ атыщтыгъэ, нэмыкI хабзэхэри агъэцакIэщтыгъэх. Тхьэм зэрэфэшъыпкъэхэм ахэм лъэш дэдэу яцыхьэ телъыгъ. Хьакъулахь зыугъоихэрэм алъэгъу мыхъурэ Рим къэралыгъом ахъщэ фаугъоищтыгъэ, ахэм шъхьэкIафэрэ лъытэныгъэрэ цIыфмэ афашIыщтыгъэп, Тхьэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэми ахалъытэщтыгъэхэп. Фарисеимрэ хьакъулахь зыугъоирэмрэ, тIуми тхьэлъэIу зэрашIыгъэм фэгъэхьыгъэ гъэсэпэтхыдэ зэгорэм Хьисэм къыIотагъ.*



Ерусэлэм нэбгыритIу кIуагъэ Тхьэм и Унэ Тхьэм щелъэIунхэу. Зыр динлэжь фарисей купым щыщыгъ, адрэр хьакъулахь угъоякIоу щытыгъ. Фарисеир пчэгум иуцуи, ышъхьэ моущтэу фэлъэIожьэу ыублагъ:



– О си Тхь, сыпфэраз сэ адрэ цIыф хъункIакIохэм, бзэджашIэхэм, зинэ зышIэхэрэм, е мо щыт хьакъулахь угъоим сазэрэфэмыдэм пае. Сэ тхьэмафэ къэс мэфитIу сэнэкIы, сыд фэдэ феди къысIэкIахьэрэм изыпшIанэ пфэсэты.

Хьакъулахь зыугъоирэри ыбгъукIэ уцугъэу, аужыпкъэм уашъом дэплъыеныр къыримыгъэкIоу, ыбгъэгу еожьызэ, Тхьэм елъэIущтыгъэ:

– О си Тхь, сэ, псэкIодышIэ цIыфым, гукIэгъу къысфэшI.



Сэ къышъосэIо: фарисеир арэп, ТхьэмкIэ шъыпкъагъэ иIэ хъугъэу хьакъулахь угъоякIор ары ядэжь кIожьыгъэр. Хэтми зызгъэинырэр Тхьэм ыгъэцIыкIущтышъ, джащ фэдэу хэтми зызгъэцIыкIурэр Ащ ыгъэиныщтышъ ары ар къызыхэкIыгъэр.



# ПхъакIомрэ чылапхъэмрэ

*(Маттэ 13:3-9, 18-23)*

## Гупшысэ шъхьаIэр:
## Тхьэм и Тетыгъу, цIыфхэм Тхьэм игущыIэ зэрэзэхашIыкIырэр

*Тхьэм и Тетыгъо къызэрэкIоцтым игугъу Хьисэ бэрэ ышIыщтыгъ. Ар мы дунаим щыпсэурэ цIыфхэу, Тхьэр зи Пачъыхьэу зылъытэхэу, Ащ игъэпсыкIэ-зекIуакIэхэр зэзыгъашIэу, ахэм яшапхъэхэм ате-тэу щыIэным теубытагъэ фызиIэ цIыфхэм азы-фагу илъ нэрымылъэгъу Тетыгъу.*

*Тхьэм а и Тетыгъо хэхьанхэу Хьисэ едэIухэ-рэм яджэщтыгъэ. Ащ фэдэ гущыIэхэм цIыфхэм еплъыкIэ зэфэшъхьафхэр фыряIагъэх. Джары Ащ мы гъэсэпэтхыдэм зекIокIэ зэфэмыдэхэу цIыфмэ къахафэхэрэр чIыгу зэфэшъхьафхэм къащыкIырэ къащымыкIырэмкIэ къызыкIыщигъэлъагъохэрэр: а зы чылапхъэхэм зэм лэжьыгъэ къаты, зэм къа-тырэп.*



ЛIы горэ пхъэнэу дэкIыгъ. Чылапхъэр риуты зэхъум, щыщ тIэкIу лъагъом ыбгъу тетэкъуагъэти, бзыухэр къебыбылIэхи, а чылапхъэхэр ашыпыгъэх.

НэмыкI чылэпхъэ заули мыжъолъэ чIыпIэу чIыгур зыщымакIэм хэфагъ. Ащ дэжьым чIыгур щыкуугъэпти, а чылапхъэм щыщхэр псынкIэу



къыхэкIыгъэх. Ау чылапхъэр къызыхэкIым лъэпсэ пытэ иIэпти, тыгъэр къызыдэкIуаем ашъхьапи пистыкIыгъ, алъапси ыгъэгъугъ.

Зыгорэхэри пэналъэм хэтэкъуагъэх. Пэналъэр къызэхэкIыхьи, жьи-пси аримыгъэгъотэу чылапхъэу къыхэкIыгъэхэр ыгъэкIодыгъэх.

Ау чылапхъэу чIыгушIум хэтэкъуагъэхэр къыхэкIыхи, шъхьэлъагъэх. Чылапхъэу чIым рагъэкIугъэм зым фэдишъэу, адрэм фэдэ

тIокIищэу, ящэнэрэм фэдэ щэкIэу лэжьыгъэ бэгъуагъэу къатыгъ.

РыдэIонэу тхьакIумэ зиIэр къэсIуагъэм къерэдэIу!

ПхъакIом фэгъэхьыгъэ гъэсэпэтхыдэм къикIырэм джы шъукъедэIу.

Хэтми Тхьэм и Тетыгъо фэгъэхьыгъэ гущыIэр зэхэзыхэу, ау зыгурымыIорэм, шэйтаныр



къыфэкIошъ, чылэпхъэшIоу ащ ыгу ифагъэр рехыжьы. Ар чылапхъэу гъогубгъум тефагъэр ары.

Чылапхъэу мыжъолъэ чIыпIэм хэтэкъуагъэр – ар цIыфэу Тхьэм игущыIэ зэрэзэхихэу, ащ лъыпытэу фэчэфэу зыштэрэр ары. Ау ежь лъапсэ иIэпышъ, жьыбгъэм зыдегъазэ. А гущыIэхэм апае гузэжъогъу зыхафэкIэ, е цIыфэу





зыхэтхэм къин рагъэщэчы зыхъукIэ шIошъхъуныгъэм игъогу псынкIэу ебгынэжьы.

Пэнэ зэхэкIыхьагъэм хэтэкъогъэ чылапхъэр зыфэгъэхьыгъэр – Тхьэм игущыIэ зэхэзыхэу, ау дунаеу зыщыпсэурэм мафэ къэс щызэшIуихын фэе Iофхэмрэ мылъку кIэнэцIынымрэ тырагъэпцIыкIырэ цIыфыр ары. Тхьэм игущыIэу ащ ыгу илъхэр ахэм атхьалэхэшъ, шIугъэ къамытэу мэкIодыжьых.



Чылапхъэу чIыгушIум хэтэкъуагъэр – ар Тхьэм игущыIэ зэхэзыхэу, зэхэзышIыкIырэ цIыфыр ары. ШIугъэр фэдишъэу, фэдэ тIокIищэу, фэдэ щэкIэу ащ ылэжьын елъэкIы.

# Фэгъэгъуныр зымышIэрэ унэIутыр

*(Маттэ 18:23-35)*

Гупшысэ шъхьаIэр:
Тхьэм и Тетыгъу, фэгъэгъуныр

*Хьисэм илъэуж рыкIохэрэр зэгорэм «тхьапшырэ пшы фэбгъэгъун фая» аIуи еупчIыгъэх. Анахьыбэу ежьхэм къызышIуагъэшIын алъэкIыгъэр — гъогогъуибл. Арыти Хьисэ ариIуагъ: «Блэп, гъогогъу тIокIищырэ пшIырэр блыкIэ штэжьыгъэу». Ар сыдэущтэу хъун ылъэкIыщта? Ащ фэдизырэ фэбгъэгъуныр сыд фэдэ цIыфа къэзылэжьырэр? А упчIэмэ япэгъокIэу зы унэIут горэм фэгъэхьыгъэ гъэсэпэтхыдэр Хьисэ къыIотагъ. Ащ чIыфэшхоу телъыгъэр фагъэгъугъэ пэтзэ, ежь ичIыфэ зытелъым фигъэгъуныр ыдагъэп.*



Тхьэм и Тетыгъо ыгъэпс зыхъукIэ иунэIутмэ ателъ чIыфэр зылъытэнэу фэегъэ пачъыхьэм фэдэу зекIощт.



ЧIыфэр ылъытэнэу зыфежьэм, тыжьын ахъщэ дзыошхо минипшIыр чIыфэу зытелъыр апэ ащ къыфащагъ. Ау унэIутым чIыфэр къытыжьынэу амал иIагъэпти, ежьыри, ишъузи, ибынхэри, мылъкоу иIэри зэкIэ ащэнышъ, ащкIэ чIыфэр рагъэпщыныжьынэу пачъыхьэм унашъо ышIыгъ. Ар унэIутым зызэхехым пачъыхьэм ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэу зыщыридзыхи, чIыгум нэсэу шъхьащэ фишIызэ, елъэIугъ:

– Зиусхьан! Джыдэдэм семыгъэзыпи, зэкIэ къыостыжьыщт.

Ар зызэхехым, пачъыхьэм ыгу унэIутым егъуи, чIыфэу телъыр зэкIэ фигъэгъуи, ытIупщыжьыгъ. Ау а унэIутыр кIожьызэ, ежь фэдэ унэIутхэм ащыщэу зы дзыо имыкъурэ тыжьын ахъщэ ичIыфэу зытелъым IукIагъ. Арыти:

– СичIыфэу птелъыр джыдэдэм къысэтыжь, – ыIуи, иджэнэ пшъапIэ зэфигъачъи, ар ытхьалэу ыублагъ.





Джащыгъум адрэ унэIутым мыдрэм ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэу зыщыридзыхи, еубзээзэ елъэIугъ:

– Джыдэдэм семыгъэзыпи, къыостыжьыщт.

Ау мыдрэм ар ыдагъэп, чIыфэр къырetыжьыфэ чIэсынэу хьапсым чIаригъэдзагъ. Адрэ унэIутхэм ар алъэгъуи, лъэшэу агу къеуагъ. КIохи, хъугъэр зэкIэ пачъыхьэм раIотагъ.

Джащыгъум пачъыхьэм ичIыфэшхо зытелъэу, ар зыфигъэгъугъэ унэIутыр къаригъащи, риIуагъ:





– О шIуагъэ гори зыхэмылъ унэIут! УкъызысэлъэIум зэкIэ чIыфэу птелъыр сэ пфэзгъэгъугъ. Арэу зыхъукIэ, сэ о гукIэгъу къызэрэпфэсшIыгъэм фэдэу, ори а уиунэIут гъусэ гукIэгъу фэпшIын фэягъэба?

Пачъыхьэр лъэшэу губжи, ичIыфэу телъыр зэкIэ къетыжьыфэ хьэзаб рагъэщэчызэ аIыгъынэу а унэIутыр хьапс ухъумакIохэм аритыгъ.



Шъуащыщэу хэтми ыгукIэ фэкъабзэу ыш фэзымыгъэгъурэм ся Тэу уашъом щыIэр джары къызэрэдэзекIощтыр.



# СэнэшъхьэшIапIэм Iоф щызышIэхэрэр

*(Маттэ 20:1-16)*

Гупшысэ шъхьаIэр:
Тхьэм и Тетыгъу, Тхьэм игукIэгъу, хьагъу-шъугъуныр

*ЦIыфхэр ригъэгупшысэнхэм фэшI гум къинэжьэу, егъэлыягъэр хэлъэу зэгъэпшэн зэфэшъхьафхэр Хьисэ бэрэ ыгъэфедэщтыгъэх. Мы гъэсэпэтхыдэм ежь, Хьисэ, илъэуж рыкIохэрэр сэнэшъхьэшIапIэм Iоф щызышIэхэрэм арегъапшэх. ЗэкIэми Iоф зэрашIэрэ уахътэр зэфэдэп, ау ыкIэм ыкIэжьым шъхьадж къылэжьыгъэр къызыратыжьыкIэ лъэшэу агъэшIагъо! Хьисэ мыщкIэ къыгъэлъагъорэр Тхьэр инэшIущыфэныгъэкIэ зэкIэми зэрафэхьалэлыр, хэтми Ащ игъогу рыкIорэр, апэрэу ащ техьагъэми, ауж къинагъэу теуцуагъэми, зэрэзэфигъадэхэрэр ары.*



Тхьэм и Тетыгъо мары зэбгъэпшэн плъэкIыщтыр.

Зы лIы горэ, исэнэшъхьэшIапIэ мафэм щигъэлэжьэщт IофышIэхэр ыштэнэу, пчэдыжьым жьэу дэкIыгъ. Мафэм тыжьын ахъщэ зырыз аритынэу Iуагъэ адишIи, Iоф фэзышIэщтхэр исэнэшъхьэшIапIэ ыгъэкIуагъэх. Пчэдыжьым сыхьатыр бгъум сэнэшъхьэшIапIэр зыер джыри



зыдэкIым, Iоф зимыIэ лIыхэр бэдзэрым дэжь щызэхэтхэу ылъэгъугъэх.

– Шъори сисэнэшъхьэшIапIэ шъукIуи, Iоф щышъушIи, зэфагъэ хэлъэу къышъутефэрэр къышъостыщт, – ахэм ариIуагъ.

Арыти, ахэри кIуагъэх. Щэджэгъуанэми, щэджэгъоужым сыхьатыр щыми, сэнэшъхьэшIапIэр зыер чэзыукIэ дэкIызэ, ыпэрэмэ афэдэу IофышIэхэр ыштагъэх. Аужыпкъэу сыхьатыр тфым зыдэкIым, нэмыкIхэр джырэ нэс щытхэу ылъэгъугъэхэти:

– Мэфэ реным пкIэнчъэу, сыда мыщ шъузыкIыщызэхэтыр? – ыIуи, яупчIыгъ.

Арыти, адрэхэм къыраIожьыгъ:

– Iоф тигъэшIэнэу зыпарэми тиштагъэпышъ ары.

Ар зызэхехым сэнэшъхьэшIапIэр зием ариIуагъ:

– Ащыгъум шъори сисэнэшъхьэшIапIэ шъукIу.





Пчыхьэ зэхъум, зиусхьаныр къэгущыIи, сэнэшъхьэшIапIэм епхыгъэ Iофхэм алъыплъэрэм риIуагъ:

– Iоф зышIагъэхэм къяджи, лэжьапкIэр ят. АужэумкъэкIуагъэхэм апэ лэжьапкIэр афэлъэгъу, апэ къэкIуагъэхэм аужэу лэжьапкIэр ят.

Сыхьатыр тфым сэнэшъхьэшIапIэм IофшIэныр щызыублагъэхэр къызэкIохэм, ащ ахэм тыжьын ахъщэ зырыз аритыгъ. Арыти,



IофшIэныр сэнэшъхьэшIапIэм пчэдыжьым апэ щызыублагъэхэр къызэкIохэм, нахьыбэ лэжьапкIэ аритынэу къашIошIыгъ, ау ахэми тыжьын ахъщэ зырыз аритыгъ. Ахъщэр заратым, ахэр зиусхьаным егъумытIымылIагъэх:

– Тауж мы сэнэшъхьэшIапIэм къэкIуагъэхэу, зы сыхьат нахь Iоф зымышIагъэхэмрэ тэрырэ тызэфэбгъэдагъ. Ау тэ мэфэ реным фэбаем тыхэтэу Iоф тшIагъэба!



СэнэшъхьэшIапIэр зиер къэгущыIи, ащ фэдэ тхьаусыхэ зиIэхэм ащыщ горэм риIуагъ:

– О синыбджэгъу, сэ хьэрамыгъэ къыбдызесхьэрэп. Зы тыжьын ахъщэба орырэ сэрырэ тызэрэзэзэгъыгъагъэр? Арымэ, уилэжьапкIэ штэри, кIожь. Уауж къэкIуагъэми сэ о къыостыгъэ лэжьапкIэм фэдиз естынэу сыфай. Сиахъщэ есшIэн зыфасIорэм сыфитыба! Хьауми о ошъугъуа сэ сызэрэхьалэлым пае?

Джаущтэу аужырэхэр – апэ, апэрэхэр – аужы хъущтых.

# УнэIутищымрэ тыжьын ахъщэхэмрэ

*(Маттэ 25:14-30)*

Гупшысэ шъхьаIэр:
Тхьэм и Тетыгъу, Тхьэм уфэшъыпкъэныр

*Хьисэм иIореныгъ: Ащ мы дунаир къебгынэми, дунаим хьыкум тыришIыхьанэу зэгорэм къыгъэзэжьыщт. Тыным хэмынынхэм фэшI, Ежь мы чIыгум зыщымыIэщт уахътэм зэрэзекIонхэ фаер мы гъэсэпэтхыдэмкIэ Хьисэ цIыфхэм къафиIотагъ. ЗэкIэми афызэшIокIырэр зэфэдэп, зым бэ ешIэшъу, адрэм – макIэ. Арэу зыхъукIэ, анахьэу мэхьанэ зиIэр – Тхьэм къытитыгъэр зэрэдгъэфедагъэр ары.*



Тхьэм и Тетыгъо мары зыфэдэщтыр.

Зы лIы горэ хымэ хэгъэгу горэм кIон зэхъум, иунэIутмэ къяджи, имылъку афигощыгъ. Зы унэIутым тыжьын ахъщэ арызэу дзыошхуитф ритыгъ, адрэм дзыошхоу тIу, ящэнэрэми зы дзыошхо ритыгъ. Шъхьадж фызэшIокIыщтым елъытыгъэу арити, ежь гъогум техьагъ.



Дзыошхуитфыр зэритыгъэр ащ лъыпытэу кIуи, ахъщэр сатыум хилъхьи, къыратыгъэм джыри ахъщэ дзыуитф техъо фишIыгъ. ДзыошхуитIу зэратыгъэми джащ фэдэ шIыкIэкIэ федэу джыри дзыуитIу зэригъэгъотыгъ.

Ау зы дзыо зэратыгъэр кIуи, ахъщэр чIыгум чIитIи, изиусхьан иахъщэ ыгъэбылъыгъ.





Охътабэ тешIагъэу а унэIутмэ язиусхьан къэкIожьи, ахъщэу аритыгъэм федэу къырагъэхьыгъэм кIэупчIэу ыублагъ. Тыжьын ахъщэ арызэу дзыошхуитф зэритыгъагъэ унэIутым ахэм ягъусэу джыри дзыуитф зиусхьаным къыфихьи, къыриIуагъ:

– Мары о дзыуитфэу къысэптыгъагъэр. Ахэм сэ джыри дзыуитф техъо афэсшIыгъ. Мары ахэри.

Зиусхьаным ащ риIуагъ:

– Аферым! О уунэIут дэгъу, шъыпкъагъэ къысфыуиI! Iоф макIэу узыфэзгъэзагъэр укъысфэшъыпкъэу зэшIопхыгъэшъ, мэхьанэ ин зиIэ Iофхэр пIэ къыслъхьащтых. КъакIуи, уизиусхьан игушIуагъо дэгощ!





Дзыошхоу тӀу зэритыгъагъэри къэкӀуагъ:

– Зиусхьан, дзыуитӀу о къысэптыгъагъ, – ыӀуагъ ащ. – Мары ахэри, ахэм федэу къязгъэхьыгъэу джыри мары нэмыкӀ дзыуитӀуи.

Зиусхьаным ащи риӀуагъ:

– Аферым! О уунэӀут дэгъу, шъыпкъагъэ къысфыуиӀ! Ӏоф макӀэу узыфэзгъэзагъэр

укъысфэшъыпкъэу зэшIопхыгъэшъ, мэхьанэ ин зиIэ Iофхэр пIэ къислъхьащтых. КъакIуи, уизиусхьан игушIуагъо дэгощ!

Ахэм ауж зы дзыошхо зэритыгъагъэр къэкIуагъ.

– Зиусхьан, – ыIуагъ ащ, – о узэрэлI пхъашэр, чылапхъэр зыщымыпхъыгъэм лэжьыгъэр зэрэщыпхыжьырэр, зыщыхэмылъхьагъэми



зэрэщыуугъоижьырэр сэ сэшIэ. Арыти, сыщыни, сыкIуи, уидзыю чIыгум чIастIи, згъэбылъыгъагъ. Мары, ар о уиешъ, осэтыжьы.

– О уунэIут дэй, уунэIут шъхьахын! – Зэхихыгъэм ипэгъокIэу зиусхьаным ащ риIожьыгъ. – О пшIэщтыгъэ чылапхъэр зыщысимыпхъыгъэм лэжьыгъэр зэрэщысхыжьырэри, зыщыхэсымылъхьагъэми зэрэщысыугъоижьырэри, ара? Ащыгъум, ахъщэу остыгъэр ахъщэхъожь горэм ептын фэягъ. Джаущтэу пшIыгъагъэмэ, сыкъызэкIожьым, сиахъщэ техъо иIэу къысэптыжьыщтыгъэ.

Арэу зыхъукIэ, мы лIым дзыоу естыгъагъэр къыIышъухыжьи, дзыуипшI зиIэм ешъут.

Джаущтэу, шъыпкъэ дэдэмкIэ, хэт щыщми бэ зиIэм нахьыбэ ратыщтышъ, къелыжьэуи бэ иIэу хъущтышъ ары. Ау тIэкIу горэ зиIэм иIэ тIэкIури Iахыжьыщт.

Мы унэIутэу зыми рымыбылымыр IэкIыб шIункIым икуупIэу гъорг куо-хьау макъэмрэ цэ зэрэгъэшхымрэ зыщыбэм хэшъудз.



# ГУЩЫIАЛЪ

*Джэнэт* – шъыпкъагъэ зиIэхэу дунаим тетхэм ягъашIэ заухыкIэ зыдэщыIэщтхэ чIыпIэу Тхьэм ыгъэпсыгъэр ары.

*Джэхьнэм* – Тхьэм ищынагъо зыгу имылъыхэр зылIэхэкIэ, япсэкIодышIагъэхэр хьазабкIэ Ащ зыщарагъэпщыныжьырэ чIыпI.

*Ерусэлэм* – тиэрэ ыпэкIэ илъэсыбэкIэ узэкIэIэбэжьмэ мы къалэр джуртхэм якъэлэ шъхьаIэу щытыгъ. Хьисэ илъэхъан ар Рим империем хахьэщтыгъэ, Ехъуд хэкум итыгъ.

*Ерыхъэу* – Ерусэлэм итемыр-тыгъэкъокIыпIэ лъэныкъокIэ, километрэ 24-кIэ ащ пэчыжьэу, Иордан псыхъом итыгъэ-къохьэпIэ лъэныкъо ит къал.

*Ибрахьим* – джуртхэм яатэжъышху, Исхьакърэ Исмахьилэрэ ят.

*Къулайцыз* – тхьамыкIэ дэд, сэдэкъэхэдз.

*Пащэ* – нэмыкIхэр зыгъэдаIохэу, ахэр зылъызыщэрэ цIыф.

*Пегъымбар* – тхьэлIыкIу, Тхьэм игущыIэхэр зэхэзыхэу, ахэр цIыфхэм языгъашIэрэр ары.

*Пчэныбжъэр* – чъыг гъэнэфагъэ горэм къыпэкIэ, пчэн бжъакъом фэдэу къэгъэщыгъ. Загъорэ ащ IэшIупс Iужъу хашIыкIы.

*Тэурат* – Тхьэм ихабзэхэр зыдэт тхылъитфэу Мосэ ытхыгъэхэр ары. Тэурат хабзэр джурт-хэмрэ чыристанхэмрэ я Тхылъ ЛъапIэхэм яапэрэ Iахь.

*Тэуратыр языгъашIэрэр* – Тэурат хабзэмрэ джуртхэм янэмыкI Тхылъ ЛъапIэхэмрэ арыт-хэр зышIэу, а шIэныгъэхэр цIыфхэм агурыз-гъаIорэр ары.

*Тхьэм и Тетыгъу* – мы дунаим щыпсэурэ цIыфхэу Тхьэр зи Пачъыхьэу зылъытэхэу, Ащ игъэпсыкIэ-зекIуакIэхэр зэзыгъашIэу, ахэм яшапхъэхэм атетэу щыIэным теубыта-гъэ фызиIэ цIыфхэм азыфагу илъ нэрымы-лъэгъу Тетыгъу. Хьисэ мы дунаим къыгъэ-зэжьэу, чIыгум ер зытыригъэкIодыкIырэм ыуж Тхьэм и Тетыгъошхо зэкIэми алъыIэ-сыщт.

*Тхьэм и Унэ* – джуртхэм я Унэ лъапIэу Ерусэлэм, къушъхьэу Мориа тетыгъэр ары. Тиэрэ ия 70-рэ илъэс нэс, ар зэхакъутэфэ, джуртхэр ащ Тхьэм щелъэIущтыгъэх, къурмэнхэри щашIыщтыгъэ.

*Фарисейхэр* – джуртхэм ащыщ цIыф куп, зэкIэ Тэурат хабзэм итхэр, тхыгъэ лъапIэхэр, дин егъэджакIохэм къаIотэрэ таурыхъхэр агу етыгъэу агъэцэкIэныр пылъыщтыгъэх.

*ХьабэкIухьэ ешъорхьакъур* – къэкIухьан-джэгуным хэмыкIэу, емыкIу зекIуакIэхэр къызыхэфэрэ ешъокIо цIыф.

*Хьакъу-жъокъу* – зигъэтхъэным щэхъурэ Iоф зимыIэу псэурэ цIыф. Зыщычэфыщтым ренэу макIо, ахъщэм уасэ фимышIэу, гупшысэнчъэу ретэкъухьэ.

*Хьакъулахь угъоякIу* – хэбзэIахь угъоиным фэгъэзэгъэ цIыф. Хьисэ илъэхъан ахэр къумалхэу, Рим къэралыгъошхом фэлажьэхэу ары зэралъытэщтыгъэр. Ахэм цIыфхэр ренэу зэрагъапцIэхэрэм къыхэкIэу псэкIодышIэхэм анахь псэкIодышIэхэу

алъытэщтыгъэх, бзылъфыгъэ хэтакIохэм афагъадэщтыгъэх.

*Хьисэ* – Адыгеим ар ИсускIи щашIэ, арабыбзэмкIэ Иса Масих. ДжуртыбзэмкIэ: Ешуа, цIэм мэхьанэу иIэр – «къэгъэнэжьакIу».

*ЦIыф Лъэпкъым ы Къу* – а цIэ зэхэтыр Хьисэ бэрэ ыгъэфедэщтыгъэ Ежь фэгъэхьыгъэу игугъу къышIыжь зыхъукIэ. А уахътэм джуртхэм а гущыIэ зэхэтым: Тхьэм ицIыф (илIыкIу) зыфэпIощт мэхьанэр ратыщтыгъэ. Пегъымбар Даниел нэфапIэу ылъэгъугъэхэр ыгъэцакIэхэзэ, цIыфхэм хьыкум атезышIыхьани, дунаир шъхьафит зышIыжьыщтыр ары (Еплъ. Даниел 7:13-14). ЦIыфхэр нахьыбэрэмкIэ ащ «мэшыяхъ»-кIэ еджэщтыгъэх. ГущыIэм къикIырэр: дагъэр зыщафагъэр. Мэхьанэ шъыпкъэу иIэр: Тхьэм къахихыгъэр, «Тхьэихэх».

*Щамэрэн хэкур* – Хьисэ илъэхъан ар Ехъуд, Гъалыл хэкухэм азыфагу илъыгъ. Щамэрэн хэкум щыпсэухэрэр джуртхэм я Тхьэ шъхьащэ фашIыщтыгъэми, ахэм Тхьэм и Уни,

пегъымбархэм янахьыбэри къабыл ашIыщтыгъэхэп. Аужыпкъэм ежьхэм Тэуратэу агъэфедэщтыгъэри нэмыкIыгъ. Ащ къыхэкIэу джуртхэм ахэм защадзыещтыгъэ, япыйхэкIэ алъытэщтыгъэх.

*Шэуджэн* – мыщ дэжьым зигугъу къыщишIырэр къурмэнышI, джурт динлэжь. Тхьэм и Унэ лъапIэу Ерусэлэм дэтым ащ дин Iофыгъо зэфэшъхьафхэр щызэрихьэщтыгъ, къурмэнхэри щишIыщтыгъэх.

# Дэтхэр

Пэублэ гущыI

*5*

ХымэлI гукIэгъушIыр

*9*

Бай акъылынчъэр

*21*

Мэл гъощагъэр

*27*

Къо хьабэкIухьэ ешъорхьакъур

*33*

Баимрэ Лазар тхьамыкIэмрэ

*47*

Шъузабэмрэ хьыкумышI шъыпкъэгъэнчъэмрэ
*55*
Динлэжьымрэ хьакъулахь зыугъоирэмрэ
*61*
ПхъакIомрэ чылапхъэмрэ
*67*
Фэгъэгъуныр зымышIэрэ унэIутыр
*75*
СэнэшъхьэшIапIэм Iоф щызышIэхэрэр
*85*
УнэIутищымрэ тыжьын ахъщэхэмрэ
*93*
ГущыIалъ
*104*